# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–04 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कुशीनगर जिले क बाढ़ प्रभावित क्षेत्रन क दौरा कइलें। येह दौरान उहां के तुर्कहा गांव में बाढ़ प्रभावित लोगि से मुलाकात कइलन अउर ओन्हें राहत सामग्री बटलन। येह दौरान मुख्यमंत्री कहले कि पिछला सात बरस में समय पर बाढ़ से बचाव करे क परिणाम ह कि बड़का पैमान पर जनधन क हानि के रोके में मददि मिलल है। श्री योगी कहलें कि जिला मे नारायणी अउर गंडक नदी के बाढ़ से बचाव बदे बीतल सात बरस में बडका स्तर पर प्रयास कइल गइल हौ। करीब छः सौ करोड़ रूपिया के धनरासि खरच कई के बाढ से बचाव खातिर कई प्रबंध कइल गइल हो। जेसे तिरासी गांव क एक लाख सोरह हजार, क आबादी अउर बीस हजार हेक्टेअर कृषिभूमि सुरक्षित भइल हो। उहां के जिलाधिकारी के निर्देशित कइलें कि नारायणी नदी पर पक्का पुल बनावे बदे सर्वे क कार जल्दी से सुरू करे।

**********

आपन गृह जनपद गोरखपुर क दौरा क दूसरका दिन्ने आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखनाथ मंदिरे में भइल जनता दरसन में लोगिन से मुलाकात करि के उनकर परेसानी सुनलें। उहां के सज्जों लोगिन के विसवास करवलें कि उनकर परेसानी दूर करे बदे सरकार बचन लेले हौ। हर दुखियार व्यक्ति के सिकायत पर कारवाही करत के परेसानी क समाधान करावल जाइ। जनता दर्शन में मुख्यमंत्री अधिकरियन के निरदेसित कइलन कि हर दुखियार व्यक्ति के परेसानी पर संवेदनशीलता से ध्यान दिहल जाइ। अउर ओकर समयबद्ध पारदर्शी तरिका से हल कइल जाइ। मुख्यमंत्री चार सौ लोगिन क परेसानी सुनलन जिहमें मेहरारू लोगिन के सख्या जियादा रहल। कुछु लोगि क जमीन कबजावे के सिकायत कइला पर उहां के कठोर कानूनी कारवाही कइला के निरदेस दिहलें। मुख्यमंत्री अधिकरियन के इहो निरदेस दिहलन कि जवन कवनो दुखियार मनइ के लगतारे परेसान होखे के पड़ि रहल हौ। तो एकरो भी जांचि कर जवाब देहि तय कइल जाव। येहि तरियन जवन कवनो मनइ के परसासन अउर पुलिस क सहजोग नाही मिलि रहल ह त अइसन काहें अउर कवन कारन से हो रहल हौ एकरों जांचि कइल जाव। उहां के कहलीं कि हर दुखियार मनइ के ओहजुकवे मदद कइल जाव। समस्या के समाधान बदे देरि पर ओसे जुड़ल अधिकारी अउर कमरचारी के खिलाफ कड़ेर कारवाही कइल जाव।

जनता दर्शन में इलाज बदे आर्थिक मदद क मांग क लेके पहुचल लोगिन के बिसवास दिलावत के मुख्यमंत्री कहलन कि केहू के इलाज में पइसा क कमी क परेसानी न होखे के चाहे। उहां के अधिकरियन क निरदेस कइलन क इलाज में अस्पताल के इस्टिमेट क परकरिया क जल्द पूरा कराइ के सासन में भेजे ताकि समय से इलाज खातिर धनरासि दिहल जाव। उहां क अधिकरियन के निरदेस दिहलन हर मनइ के आयुसमान कारड बनावल जाव जेहमें ओन्हे इलाज बदे परेसान न होखे क परे।

**********

अजोध्या क भदरसा में नाबालिग लइकी से भइल गैंग रेप मामिला में पीड़ित परिवार से आजु भाजपा क प्रतिनिधिमण्डल मुलाकात कइलन अउर ओन्हें भरोसा दिलवले कि हर हालि में उन्हें न्याय मिलि। प्रतिनिधिमण्डल क सदस्य लोगिन समाजवादी पार्टी पर आरोप लगवलन के ऊ पहिले से अपराधियन के संरक्षण देति चलि आ रहल हौ अ ई घटना एकर ताजा उदाहरण हौ। उहां के कहलीं कि प्रदेस के भाजपा सरकार आरोपियन के खिलाफ सख्त कारवाही कर पीड़ित परिवार क न्याय दिलाई। प्रतिनिधिमण्डल की सदस्य राज्यसभा सांसद संगीता बलवंत कहलिन कि अब जनता के ई बूझे के जरूरत ह कि सपा पीडिता के साथ खडी ह कि अपराधी के साथे हो। ओहीं नरेन्द्र कश्यप कहले कि योगी आदित्यनाथ के नेतृत्व करे वाला प्रदेश सरकार ई घटना में कठोर कार्यवाही कर दुराचार करे वाले अपराधियन बदे नजीर पेश करि। उहां के कहलीं क हमार सरकार मेहरारू अउर कमजोर लोगि खातिर सुरक्षा कइला बदे बाधित हौ। प्रतिनिधिमण्डल अस्पताले में जाके पीड़िता से भी मुलाकात कइलन अउर ओन्हे आश्वस्त कइलन कि सरकार ई अपराध बदे सज्जों दोषियन पर कठोर कार्यवाही करि। ओहर पूर्व केन्द्रीय मंत्री साध्वी निरंजन ज्योतियों भदरसा पहुंचि के पीड़ित परिवार से मिललिन अउर उन्हें ढांढ़स बधवलिन।

**********

सेना भर्ती कार्यालय बनारस क आरि से आयोजित कइल जा रहल अग्निवीर सेना भर्ती के पहला दिन्ने आजु सज्जों बारह जिलन बदे ऑफिस अस्सिटेंट अउर टेक्निकल पद बदे अभ्यर्थियन क दौड़ संपन्न कराइल गइल। आजु बुलावल गइल एक हजार इक्यानबे अभ्यर्थियन में से आठ सौ सैंतालिस दौड़ मे भाग लिहले। जे में से एक सौ एक्तालीस पास भइलन। बिहने अग्निवीर ट्रेडमैन अउर जनरल डयूटी बदे भर्ती प्रक्रिया होखी।

**********

केन्द्रीय राज्यमंत्री बीएल वर्मा अउर बदायूं क डीएम निधि श्रीवास्तव काल्हि बदायूं के सभानगर पहुंच के शहीद मोहित राठौर के परिजन के ढांढ़स बधावे के साथे पचास लाख रूपिया के चेक देहलिन। उहां के कहलिन कि येह आर्थिक मदद में से पन्द्रह लाख रूपिया क चेक शहीद के पिता के अउर पैंतीस लाख रूपिया क चेक शहीद की पत्नी के दिहल गइल हौ।

**********